

Idantifye Apèl Anak

Dekouvri kijan pou idantifye epi jere apèl anak.

1. Kisa Apèl Anak yo Ye epi Kijan Yo Fonksyone?

Apèl anak yo menm jan ak fwod eskwokri yo. Apèl sa yo eseye atire w pou w revele enfòmasyon pèsonèl ou oswa pou bay yon moun aksè ak kont finansye w.

Pandan yon fwod eskwokri sou entènèt ta ka chèche jwenn aksè ak kont sou entènèt ou yo, apèl anak yo eseye konvenk ou pou w revele enfòmasyon finansye w nan lide pou peye yon fo fakti oswa pou jwi yon swadizan opòtinite finansye.

Men kèk taktik apèl anak yo itilize pou twonpe w oswa abize w:

- **Fo santiman ijans:** Souvan, apèl anak yo ba w presyon pou revele enfòmasyon w. Yo gendwa pretann ke w dwe lajan oswa ke gen yon “òf pou yon tan limite” pou ou pou refinanse yon bagay
- **Inspire laperèz:** Anmenm tan tou, sa rive souvan ke apèl anak yo eseye fè w pè pou w ka revele enfòmasyon w. Egzanp, anakè yo ka pretann ke yo soti nan IRS
- **Tante w ak yon opòtinite:** Souvan, apèl anak sa yo eseye konvenk ou ke w genyen yon bagay oswa ke w ka jwi yon opòtinite limite oswa “espesyal”
- **Fè apèl ak konpasyon w:** Kèk anakè pral fè tèt yo pase pou yon zèv charite epi twonpe w pou w fè don lajan pou sa w panse ki yon bon kòz

2. Ki Kèk Tip Apèl Anak ki Genyen?

Souvan, apèl anak yo santré sou eseye pran lajan nan men w. Men kèk apèl anak ki komen ke ou ka tonbe sou yo:

NYC Digital Safety

Privacy & Security

- **Konsolidasyon dèt:** Souvan, apèl anak yo eseye atire w ak òf pou konsolide dèt ou, kit se yon prè etidyan, yon refinansman ipotèk oswa yon dèt kat kredi
- **Ede w peye prè:** Yon varyete anak konsolidasyon dèt, anak sa yo atire w nan ofri w pou ede w peye prè w yo
- **Asirans sante:** Anak sa yo eseye twonpe w pou fè w enskri nan yon fo plan asirans sante kèlkonk
- **Apèl IRS:** Fo apèl IRS yo vin komen anpil. Anak sa yo fè w pè pou w ka panse ke w dwe IRS lajan epi ke w ap gen pwoblèm si w pa peye touswit
- **Fo alèt fwod:** Anakè sa yo eseye fè tèt yo pase pou bank ou oswa pou yon konpayi sèvis publik epi konvenk ou ke kont ou a andanje pou fè w revele enfòmasyon w
- **Fo zèv charite:** Anak sa yo twonpe w pou w fè don lajan pou sa w panse ki yon bon kòz
- **Kwazyè gratis:** Yon lòt anak ki komen anpil. Anak sa a eseye jwenn enfòmasyon pèsònèl ou nan konvenk ou ke w genyen yon kwazyè gratis
- **Sipò teknik:** Sa yo pi komen atravè imèl, men pafwa yo fèt nan telefòn. Avèk anak sa a, yon moun ap rele pou l fè kwè li se yon sipò teknik pou li jwenn enfòmasyon w

3. Kijan Mwen Ka Idantifye epi Jere Apèl Anak?

Itilize estrateji ki annapre yo:

- Pa fè apèl nimewo ou pa konnen konfyans. Panse pou voye yo nan bwat vokal la kòm yon fason pou filtre yo
- Si w reponn yon apèl ki soti nan yon sous ou pa konnen epi ou tonbe sou yon bwat vokal otomatik oswa yon anrejistreman ki evidan, se ka yon siy yon anak
- Anrejistre nimewo biznis oswa sèvis ou itilize yo nan kontak telefòn ou pou w ka asire w ki moun k ap rele w
- Fè atansyon ak tout apèl oswa mesaj vokal k ap eseye konvenk ou oswa ba w presyon pou envite w bay detay pèsònèl oswa enfòmasyon finansye

NYC Digital Safety

Privacy & Security

- Diminye kantite apèl anak ou resevwa anjeneral avèk zouti sou telefòn ou yo ak nan men sèvis telefoni mobil ou a pou w bloke epi siyale apèl endezirab. Chèche ki opsyon ki genyen pou tip telefòn ou an ak sèvis telefoni mobil patikilye w la
- Itilize aplikasyon tyès pati yo pou ede w jere epi bloke apèl endezirab yo. Sa yo gen ladan yo aplikasyon tankou Robo-Killer oswa sa ki soti nan men sèvis telefoni mobil tankou Verizon's Call Filter
- Enskri nan rejis [Pa Rele](#) pou sispann resevwa apèl demachè yo
- Fè atansyon ak kote ou bay nimewo telefòn ou sou entènèt
- Si w resevwa yon mesaj vokal oswa yon apèl ki sispek, fè yon rechèch pou wè si ou ka gen plis enfòmasyon. Ou gendwa jwenn rapò sou yon anak tout moun konnen
- Ofinal, ou ka rapòte anak yo poukонт ou nan kote tankou

<https://reportfraud.ftc.gov/#/>